

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun kasalahan ngagunakeun kecap pancén dina surat pribadi siswa kelas VIII-B SMP Negeri 14 Bandung. Dumasar kana hasil analisis data, tétéla kapanggih yén masih loba kénéh siswa nu salah dina ngagunakeun kecap pancén. Kasalahanana ngawengku kasalahan ngagunakeun wanda kecap pancén jeung tipe kasalahan dumasar tataran linguistik.

- a. Kasalahan ngagunakeun wanda kecap pancén, anu wincikanana: (1) kasalahan ngagunakeun kecap panambah aya tilu kasalahan (1,18%), contona kecap *mah* nu dibalikan dua kali; (2) Kasalahan ngagunakeun kecap panyambung aya 17 kasalahan (6,69%), contona kecap *tapi* ditulis di awal kalimah; (3) kasalahan ngagunakeun kecap pangantét aya dua kasalahan (0,79%), contona kecap *di* kuduna *ti*.
- b. Tipe kasalahan tataran linguistik dina ngagunakeun kecap pancén, anu wincikanana: (1) tipe kasalahan grafologis aya 205 kasalahan (80,71%), dina kasalahan grafologis, kapanggih 61 kasalahan makéna aksara, 15 kasalahan nuliskeun aksara, jeung 129 kasalahan nuliskeun kecap; (2) tipe kasalahan morfologis aya dua kasalahan (0,79%), contona kecap *lain* dipisahkeun jeung rarangkén *-na*, (3) tipe kasalahan sintaksis aya 14 kasalahan (5,51%), contona kecap *sareng* kuduna *ka*; (4) tipe kasalahan léksikon aya 11 kasalahan (4,33%), contona kecap *ai* kuduna *ari*.

Tina pedaran di luhur, kapanggih umumna kasalahan ngagunakeun kecap pancén aya dina wanda kecap panyambung nu jumlahna 17 (6,69%), sedengkeun dina tipe kasalahan tataran linguistik, umumna kasalahan aya dina tipe grafologis nu jumlahna 205 (80,71%).

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

a. Pikeun Guru

Hasil ieu panalungtikan dipiharep méré gambaran ka para guru pikeun nangtukeun léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun patali jeung ngalatih siswa dina ngagunakeun kecap anu bener tur merenah. Salian ti éta, bisa dijadikeun rarancang pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

b. Pikeun Siswa

Hasil ieu panalungtikan dipiharep méré informasi ngeunaan kamampuh siswa dina ngagunakeun kecap, utamana kecap pancén. Salian ti éta, bisa dijadikeun gambaran sangkan siswa teu ngalakukeun kasalahan nu sarua dina kaparigelan nulis.

c. Pikeun nu rék nalungtik

Ieu panalungtikan téh ngan ukur nganalisis kasalahan wanda kecap pancén jeung tipe kasalahan tataran linguistik dina wangun tinulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan nu nganalisis kasalahan dumasar tipe nu séjenna, nya éta tipe kasalahan *siasat permukaan*, tipe kasalahan komparatif, jeung tipe kasalahan *éfek* komunikatif dina wangun lisan sangkan hasilna leuwih munel.